



MANM ASANBLE TAYLOR DARLING

2023

33 Front Street, Suite 303 • Hempstead, NY 11550 • 516-489-6610 • 516.538.3155 fax • DarlingT@contactme.nyassembly.gov

YON KOUDÈY SOU LAKEVIEW

Se yon onè ekstraòdinè pou mwen reprezante ou antanke Manm Asanble ou. Sèvi kòm vwa ou nan Albany se yon responsablite mwen pran ak pi gran angajman, pou egzekite l ak tout pasyon ki nan kè m. Mwen devwe pou bay mizajou pi souvan ki taye pou chak kominote nan Distri 18 lan, lè m rekonèt enpòtans pou kenbe chak vilaj ak minisipalite enfòm sou devlopman ki patikilye ak zòn kote yo sitiye a. Tanpri, gade mizajou esansyèl sou finansman ak kesyon lejislatif ki afekte ou dirèkteman.

Mizajou sou finansman:

- **Bibliyotèk Piblik West Hempstead** 125,000 dola - Plizyè modènizasyon pou etablisman an (2019-20)
- **Bibliyotèk Piblik Lakeview** 125,000 dola - Renovasyon twazyèm etaj etablisman yo (2021-22)
- **Distri Union Free School West Hempstead** 250,000 dola - Acha ak enstalasyon yon rezèvwa gaz anba tè (2023-24)
- **Bibliyotèk Piblik Lakeview** 125,000 dola - Renovasyon nan etablisman an (2023)

Mizajou Lejislatif:

A05679 Deklare rasis yon kriz sante piblik epi tabli yon gwoup travay pou fè pwomosyon ekite sosyal nan tout eta a (2021-22) Ratifye an Lwa Chap.775 210/12/2021

A07599 Lye aplikasyon lwa segondè sou kèk vyolasyon ekipman veyikil amotè (2021-22) Ratifye an Lwa Chap.751 23/12/2022

A07601 Lye ak egzekisyon manda darè nan dosye delenkans jèn, lè tribinal famiyal yo fèmen (2021-22) Ratifye an Lwa Chap.456 08/10/2021

A05994 Lye ak rechèch ak restriksyon sou piblisite ak pwomosyon sigarèt elektwonik (2023-24) Ratifye an Lwa. Chap.566 25/10/2023

A07393 Pwolonje pwovizyon lwa sou sante piblik ki lye ak deplwaman rezèv aleksè kèk òganizasyon san bi likratif ki jere swen (2023-24) Ratifye an Lwa Chap. 197 (19/07/2023)

A07480 Otorize transfè manm pou kèk manm nan sistèm retrèt lapolis ak ponpye lokal eta New York la vè sistèm retrèt anplwaye lokal ak eta New York (2023-24) Annatant pou pwochen Sesyon an

Kòm toujou si ou gen nenpòt kesyon, kòmantè oswa enkyetid, tanpri pa ezite kontakte biwo mwen an dirèkteman nan (516) 489-6610 oswa ban nou yon vizit nan 33 Front Street, Suite 303, Hempstead; madi-vandredi 9am-4pm.

Ansanm, an nou kontinye goumen pou Ekselans nan 18yèm lan!

Sonje Hazel "Scottie" Coads: Yon vrè Lejann nan Distri 18 lan



Chè Rezidan Distri 18,

Se avèk kè lou ke nou di adye a yon pèsonaj nou renmen anpil, Hazel "Scottie" Coads, ki te kite mond sa nan dat 6 oktòb 2023, nan laj 79 an. Men, eritaj li rete grave nan tisi kominote nou an, yon testaman pou yon lavi ki devwe nan sèvis, defans, ak pouwit lajistis.

Pou anpil moun, Scottie se te enkanasyon sèvis san enterè. Angajman li nan koz dwa sivil ak konba pou resous ki ekitab pou kominote ki defavorize yo vin tounen mak eritaj li. Li te sèvi kòm yon flanbo lespwa, ki defann san rete dwa sila yo ki te bezwen yon vwa solid epi ki gen konpasyon.

Scottie, ke yo te rekonèt avèk afeksyon kòm "Majistra Lakeview," pa t sèlman yon lejand lokal men yon fòs lanati ke enpak li te rive pi

New York State Assembly, Albany, New York 12248

Bilten Enfòmasyon Lakeview

de Manm Asanble

**TAYLOR
DARLING**

2023

 Bilten enfòmasyon sa te enprime sou papye ki resikle.

Iwen distri nou an. Byenke li te gen yon tit ofisyèl, enfliyans li te enkontestab, ki fòme peyizaj kominote nou an pandan plizyè deseni. Youn nan kontribisyon ki pi enpòtan Scottie se te paske li te yon katalizè chanjman pozitif, ki favorize angajman kominote epi ankouraje yon lespri enklizivite. Devouman li pou demokrasi ak patisipasyon sivil te enkonidyonèl, ki kite yon mak ki pa ka efase sou peyizaj Distri 18 lan.

Angajman Scottie te depase fwontyè distri nou an pandan li t ap sèvi kòm Prezidan Angajman Sivik pou NAACP Eta New York. Nan aspè sa, li te goumen pou lajistis nan yon nivo ki pi gran, defann dwa ak byennèt kominote ki majinalize yo nan tout eta a.

Pandan n ap reflechi sou lavi remakab Scottie, an nou sonje leson li te transmèt nou atravè aksyon li yo. Li te montre nou pouvwa yon sèl moun pou fè chanjman, ki mete aksan sou kesyon ke lidèchip pa toujou gen rapò ak tit men se sou enpak yon moun genyen sou lavi lòt moun.

Pou onore memwa Scottie, an nou sipòte eritaj li lè nou kontinye travay li te kòmanse a. An nou goumen pou yon kominote kote lajistis, egalite ak konpasyon se pa sèlman ide men ki viv reyalyte yo. Pandan n ap kriye pou pèt yon lejand, an nou selebre lespri andirans Hazel "Scottie" Coads tou, yon veritab chanpyon pèp la.

Nan senpati ak solidarite,

Manm Asanble Taylor Darling